

**Queens**  
Distri 19–32, 34

Vòt alavans  
17–25 Jen

Jou Eleksyon an  
27 Jen

# Eleksyon Primè 2023 yo **konsèy minisipal**

# gid elektè



**NYC  
VOTES**

Yon inisyativ Komisyon pou  
Finans Kanpay Vil New York la

Aprann plis nan  
[haitiancreole.nycvotes.org](http://haitiancreole.nycvotes.org)

# Gid Elektè 2023 NYC a

Pou w kapab wè lis kandida ki pi ajou a pou pati w la nan distri ou a, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).

## Kilè pou m vote?

- Eleksyon Primè a se madi **27 Jen**.
- Ou kapab vote alavans soti samdi **17 Jen** rive dimanch **25 Jen**.
- Pa gen Vòt Alavans Lendi **26 Jen**.

## Pou kisa m ap vote?

### Fonksyon yo

- Konsèy Minisipal
- Pwokirè Distri
- Tribinal Sivil

### Pozisyon nan pati yo

- Delege nan Konvansyon Jidisyè a
- Delege sibleyan pou Konvansyon Jidisyè a
- Komite Eta a
- Komite Konte a
- Lidè Distri

Fonksyon espesifik yo ki sou bilten vòt ou a depann de kote w ap viv la ak nan ki pati politik ou ye. Chèche jwenn bilten vòt ou a nan [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).

Jwenn plis enfòmasyon sou [haitiancreole.nycvotes.org!](http://haitiancreole.nycvotes.org)

## Tabdèmatyè

- |   |   |
|---|---|
| 3 | Kijan pou w vote                        |
| 4 | A kisa pou w atann ou nan biwo vòt ou a |
| 5 | Ki dwa mwen genyen antanke yon elektè?  |
| 6 | Aksesiblite                             |
| 7 | Echantyon bilten vòt                    |
| 8 | Vòt avèk klasman chwa yo                |

## Dat eleksyon yo ak Dat Limit

<b>12 Jen</b>	Dat limit demann Bilten Vòt Moun ki Absan yo (sou entènèt oswa pa lapòs)
	*Si se pa lapòs ou voye bilten vòt moun ki absan ou an, Konsèy Elektoral la dwe resevwa l nan dat sa a.
<b>17 Jen</b>	Dat limit pou enskripsyon elektè yo
<b>17 Jen</b>	Vòt alavans yo ap kòmanse
<b>25 Jen</b>	Vòt alavans yo ap fini
<b>26 Jen</b>	Dat limit demann pou bilten vòt moun ki absan yo (an pèsòn nan biwo Konsèy Elektoral la)
<b>27 Jen</b>	Jou Eleksyon Primè a (6:00 a.m. pou 9:00 p.m.) Dènye jou pou w poste bilten vòt moun ki absan ou an oswa depoze l nan yon biwo vòt



# Kijan pou w vote

## Biwo vòt ak Lè pou vote

### Chèche biwo vòt ou a ak ki lè pou w vote:

- Vizite [haitiancreole.nycvotes.org](http://haitiancreole.nycvotes.org).
- Rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan  
**866-VOTE-NYC (866-868-3692)**  
oswa **TTY 212-487- 5496**.



## Jou Eleksyon an

Vòt yo ap ouvri nan jou eleksyon an, **27 Jen**, soti 6:00 a.m pou 9:00 p.m. Ou dwe vote nan biwo vòt yo voye w la.

**Lokal biwo vòt yo konn chanje, kidonk pa blyie tcheke adrès la anvan ou ale!**



## Vòt alavans

Ou ka vote alavans an pèsòn avan Jou Eleksyon an.

### Sa pou ou konnen

- Gen yon biwo vòt alavans yo te voye w, ki petèt diferan de biwo vòt ou tonbe nan jou eleksyon an.
- Orè yo chanje chak jou, kidonk asire w ou verifye biwo vòt ou a epi konfime orè pa yo a avan w ale.

### Dat vòt alavans yo

Samdi **17 Jen** rive dimanch **25 Jen**.



## Vòt pa Korespondans

Ou ka mande yon Bilten vòt moun ki absan si w gen yon rezon valab, tankou si w pa Nouyòk nan Jou Eleksyon an oswa si w gen yon maladi oswa yon andikap fizik.

**12 Jen** se dat limit pou w mande bilten vòt ou an sou entènèt, oswa pou Konsèy Elektoral la resevwa demann ou an pa lapòs.

Mande yon bilten vòt moun ki absan sèlman si ou gen entansyon vote pa korespondans. Si ou chwazi vote an pèsòn apre ou fin mande yon bilten vòt moun ki absan, ou dwe vote ak yon bilten vòt sou sèman nan biwo vòt ou a.

### Kijan pou w mande bilten vòt moun ki absan ou an:

- Vizite [nycabsentee.com](http://nycabsentee.com).
- Rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan  
**866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa  
**TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo.
- Vizite biwo lokal Konsèy Elektoral Vil Nouyòk ou a. Dat limit la se **26 Jen** pou w soumèt demann ou an an pèsòn.

### Si ou mal pou w wè oswa si ou gen yon andikap

Pou w jwenn yon lektè ekran li bilten vòt ou an, ou kapab mande yon bilten vòt moun ki absan ki aksesib nan [nycabsentee.com/accessibility](http://nycabsentee.com/accessibility) oswa rele nan nimewo ki make anlè a.

### Swiv Bilten Vòt ou a

Ou ka suiv bilten vòt ou a an liy sou sit Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan [nycabsentee.com/tracking](http://nycabsentee.com/tracking).

# A kisa ou dwe atann ou nan biwo vòt ou a



## Prezante w pou yo ka anrejistre w lè w rive

Lè ou antre, yon mandatè biwo vòt ap montre w ki kote pou ou anrejistre prezans ou. Li pral chèche nan lis elektè ki enskri yo epi I ap verifye siyati w anvan I ba ou yon bilten vòt.

**Konsèy Pwofesyonèl: Si ou resevwa yon Fast Pass nan kourye lapòs Konsèy Elektoral la voye ba w la, mache avèk li pou w ka enskri pi vit!**

\*Ou pa bezwen bay yon pyès idantite pou w ka vote, eksepte si w se yon moun k ap vote pou premye fwa epi ou pa t bay nimewo DMV oswa nimewo sekirite sosyal lè w t ap enskri pou w vote a.



## Ranpli Bilten Vòt ou a

Make Bilten Vòt ou a pandan w ap ranpli oval ki bò kote chwa w fè a nèt. Lè se pou Konsèy Minisipal ou vote, ou ka klase jiska senk kandida nan lòd preferans, olye pou w chwazi yon sèl.

Si ou fè yon erè oswa si ou gen kesyon konsènan bilten vòt ou an, ou ka mande yon mandatè vin ede w.

\*Sonje pou w tcheke toulede bò bilten vòt ou a pou w pa pèdi anyen.



## Eskane Bilten Vòt ou a

Yon fwa ou fin ranpli bilten vòt ou an, yon mandatè ap ede w mete bilten vòt ou a nan eskanè a. Eskanè a ap fè w konnen lè vòt ou a fin arejistre.



## Pran estikè ou a

Koleksyone estikè ou a! Kole l sou rad ou, fè chèlbè avè l epi asire w zanmi w ak fanmi w gen entasyon vote tou.

# Ki dwa mwen genyen antanke elektè?

## Ou gen dwa pou w vote nan eleksyon jeneral la si:

- Ou enskri antanke elektè nan yon pati k ap òganize yon eleksyon primè nan distri w lan.
- Ou nan liy nan biwo vòt ou an anvan lè pou li fèmen an rive.

## Nan kèlkeswa eleksyon an, ou gen dwa pou w:

- Mande yon mandatè pou l ede w, oswa mande yon entèprèt si ou bezwen èd nan lang. Rele **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tandem yo si ou bezwen plis enfòmasyon konsènan entèprèt yo.
- Mache ak yon moun pou ede w vote (sof anplwayè w oswa yon reprezantan sendikal).
- Mache ak dokiman w, tankou Gid Elektè sa a.
- Vote menmsi machin vòt la anpàn.
- Vote pa bilten vòt sou sèman si non w pa nan lis elektè ki nan biwo vòt ou a.
- Yon biwo vòt ki aksesib ki pa gen okenn obstak fizik.
- Sèvi ak machin pou vote ki aksesib pou w depoze bilten vòt ou a.
- Vote kèlkeswa kapasite oswa andikap ou genyen an.

## Dwa vòt pou moun ki gen yon kondanasyon penal oswa kriminèl:

- Kondanasyon pou enfraksyon ak vyolasyon pa anpeche w vote, menmsi w ap prije pèn nan prizon.
- Si w nan prizon pou yon krim, ou pa kalifye pou w vote. Men, si yo kondane w pou yon krim epi yo sispann santans ou an, ou kapab vote.
- Si yo te kondane w pou yon krim epi yo lage w, ou ka vote. Men, ou dwe enskri ankò pou w ka vote.
- Si ou gen yon kondanasyon pou yon krim federal oswa yon kondanasyon pou yon krim nan yon lòt eta, ou gendwa enskri epi vote kanmenm Nouyòk.
- Si pou kounye a ou nan pwobasyon oswa libète kondisyonèl, ou ka vote.
- Si pou kounye a ou nan prizon pou yon deli oswa si w ap tann jijman, ou ka vote.

## Kimoun ou ta dwe kontakte si w bezwen sipò:

- Si gen yon pwoblèm ak biwo vòt ou an, di yon mandatè sa oswa rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496**.
- Si yo te vyole dwa w, rele nimewo gratis Pwoteksyon Eleksyon an pou w pale ak yon volontè Pwoteksyon Eleksyon ki resevwa fòmasyon pou sa epi jwenn sipò jiridik gratis nan **866-OUR-VOTE (866-687-8683)**.
- Pote plent bay Pwokirè Jeneral Nouyòk la nan **(866) 390-2992** oswa vizite [ag.ny.gov/election-hotline](http://ag.ny.gov/election-hotline).

# Aksesiblité

Chak elektè nan Nouyòk gen dwa pou li depoze bilten vòt yo a yon fason ki prive ak endepandan. Si w bezwen èd pou w ranpli bilten vòt ou a akoz yon andikap oswa akoz ou pa metrize anglè, genyen asistans ki disponib.

## Bilten Vòt Moun ki Absan ki aksesib

Si w gen pwoblèm vizyon oswa ou pa ka make yon bilten vòt an papye, ou ka toujou vote pa korespondans. Ou kapab mande yon bilten vòt moun ki absan yon lektè ekran kapab li epi tou ranpli l pa mwayen yon òdinatè. Pou mande yon bilten vòt moun ki absan ki aksesib, vizite: [nycabsentee.com/accessibility](http://nycabsentee.com/accessibility) oswa rele 866-VOTE-NYC (866-868-3692) oswa TTY 212-487-5496 pou moun ki mal pou tande yo.

## Sèvis Lang ak Entèpretasyon

Gen entèprèt ki disponib nan plizyè biwo vòt nan vil la. Ou gendwa mande yon moun, yon fanmi w, yon zanmi oswa yon entèprèt, vini ede w konprann ak ranpli Bilten Vòt ou an.

Ou ka aprann ki biwo vòt ki pwopoze entèprèt sou [haitiancreole.nycvotes.org/accessibility](http://haitiancreole.nycvotes.org/accessibility). Ou kapab rele tou nan 866-VOTE-NYC (866-868-3692).

## Aparèy pou make Bilten Vòt yo

Aparèy pou make Bilten Vòt yo (BMD) disponib nan tout biwo vòt yo pou bay elektè yo, tankou sa yo ki avèg, ki gen pwoblèm vizyon, oswa ki gen yon andikap oubyen yon kondisyon ki ka rann li difisil oswa enposib pou yo make yon bilten vòt ak yon plim, plis aksesiblité.

Si w ta renmen itilize yon BMD, jis mande yon mandatè li! Ou ka itilize l pou w ka wè bilten vòt ou a sou yon ekran afichaj, pou w tradui l nan lòt lang, oswa pou w koute chwa w yo nan kas.

## Aparèy la bay kat fason pou w make Bilten Vòt ou a:



Ekran tòtch



Klavye (Bray)



Aparèy pou rale ak soufle nan bouch



Manèt a baskil

- Ou gendwa “ZOOM IN” (Agrandi) pou fè tèks la vin pi gwo, “ZOOM OUT” (Diminye) pou tèks la tounen nan dimansyon nòmal li oswa chwazi “HIGH CONTRAST” pou afiche tèks Bilten Vòt la an blan sou yon fon nwa.
- Epitou ou gendwa repete epi ajiste vitès ak volim son an nan kas la.
- Sonje! Chwa w yo pa definitif toutotan ou pa antre bilten vòt ou an nan eskanè a epi depoze vòt ou an.
- Si ou ta renmen yon moun ede w antre bilten vòt ou an nan eskanè a, yon mandatè ap ede w.

# Echantiyon bilten vòt avèk klasman chwa

Echantiyon Bilten Vòt ki anba a la pou demonstrasyon sèlman. Li pa Bilten Vòt reyèl ou a epi si w ranpli l, sa p ap konte kòm vòt ou.

		Rank up to 5 choices Mark no more than 1 oval in each column				
		Choice Opción 1st	Choice Opción 2nd	Choice Opción 3rd	Choice Opción 4th	Choice Opción 5th
<b>Candidate A</b> Party Name		<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<b>Candidate B</b> Party Name		<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<b>Candidate C</b> Party Name		<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<b>Candidate D</b> Party Name		<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<b>Candidate E</b> Party Name		<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<b>Candidate F</b> Party Name		<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<b>Candidate G</b> Party Name		<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<b>Candidate H</b> Party Name		<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<b>Candidate I</b> Party Name		<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
<b>Candidate J</b> Party Name		<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Write-in candidato por escrito		<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>

## Tòp chwa mwen yo

Itilize paj sa a pou w ranje tòp chwa kandida ou yo pou Konsèy Minisipal la. Ou kapab mache ak sa a ansanm avèk ou nan biwo vòt ou a pou w gade pandan w ap ranpli bilten vòt ou an.

### Konsèy Minisipal

1ye

2yèm

3yèm

4yèm

5yèm

Rapèl! Gendwa gen fonksyon anplis sou bilten vòt ou an selon pati politik ou ak kote ou abite a.

Ou kapab wè yon echantiyon bilten vòt ou a nan biwo Konsèy Elektoral la nan [findmypollsite.vote.nyc](http://findmypollsite.vote.nyc).

# Vòt avèk Klasman Chwa yo

NYC sèvi ak **Vòt avèk Klasman Chwa yo** nan Eleksyon Primè ak nan eleksyon espesyal yo pou fonksyon minisipal yo: Avèk vòt avèk klasman chwa yo, ou ka klase jiska senk kandida nan lòd preferans olye pou w chwazi youn sèlman. Sa ba w plis libète pou w deside ki moun ki eli epi li ka pèmèt kandida ki pi divèsifye genyen.

## Poukisa n ap itilize Vòt avèk Klasman Chwa yo?

Nouyòkè yo te chwazi itilize Vòt avèk Klasman Chwa yo nan kad yon mezi pou Bilten Vòt an 2019. Li te pase avèk 73,5% sipò.

## Ki fonksyon mwen pral vote avèk Vòt avèk Klasman Chwa yo?

Ou pral itilize Vòt avèk Klasman Chwa yo pou vote pou Konsèy Minisipal la nan mwa Jen an. Men, li pwobab pou gen lòt fonksyon ki make sou Bilten Vòt ou an, tankou pòs pou jij, ki p ap itilize Vòt avèk Klasman Chwa yo, paske yo pa fonksyon minisipal.

## Kòman pou mwen ranpli bilten vòt la ak Vòt avèk Klasman Chwa yo?

- 1 Chwazi premye kandida w la epi ranpli oval ki akote non l lan anba 1ye kolòn nan konplètman.
- 2 Si ou gen yon dezyèm kandida, ranpli oval ki bò kote non li an anba 2zyèm kolòn nan.
- 3 Ou ka klase jiska 5 kandida. Ou ka toujou vote pou yon sèl kandida sèlman. Si w klase lòt kandida, sa p ap yon pwoblèm pou premye chwa w la.

	1	2	3	4	5
Candidate A ♂	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>
Candidate B ♂	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Candidate C ♂	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Candidate D ♂	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Candidate E ♂	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>



Vizite [haitiancreole.nycvotes.org/rcv-ballot](http://haitiancreole.nycvotes.org/rcv-ballot) pou egzèse Vòt avèk Klasman Chwa yo sou yon Echantyon Bilten Vòt.

	1	2	3	4	5
Candidate A	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>
Candidate B	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Candidate C	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Candidate D	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Candidate E	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>

Pa **bay** plizyè kandida menm klasman an. Si ou chwazi plis pase yon sèl kandida kòm premye chwa w, **bilten vòt ou an p ap valab**.


	1	2	3	4	5
Candidate A	<input type="radio"/>				
Candidate B	<input checked="" type="radio"/>				
Candidate C	<input type="radio"/>				
Candidate D	<input type="radio"/>				
Candidate E	<input type="radio"/>				

Pa **klase** yon kandida plis pase yon sèl fwa. Si ou fè sa, se pi gwo klasman ou bay pou li a ki pral konte.


# Kijan yo pral konte bilten vòt avèk klasman chwa yo?

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan vòt avèk klasman chwa yo, al gade kesyon yo poze souvan sou vòt avèk klasman chwa yo ki nan Paj 47 oswa vizite [haitiancreole.nycvotes.org/rcv](http://haitiancreole.nycvotes.org/rcv).


Si pa gen okenn kandida ki genyen plis pase 50% nan vòt premye chwa yo, lè sa a yo pral nan lòt tou.




Si yon kandida resevwa plis pase 50% nan vòt premye chwa yo, li genyen eleksyon an.



Nan chak tou, kandida ki gen mwens vòt la ap elimine. Si yo elimine kandida ki pi wo nan klasman ou an, vòt ou a ap pase pou pwochen kandida ki vin pase pou pi wo a nan bilten vòt ou a.



Pwosesis sa a ap kontinye jiskaske gen sèlman 2 kandida ki rete.



**Kandida a ki resevwa majorite vwa yo ap genyen!**

# Kisa fonksyonè ki eli yo fè?

Fonksyonè ki eli nou yo gen pou yo pran desizyon ki gen enpak sou travay, lojman, edikasyon, swen sante ak lòt ankò, chak jou. Aprann plis sou fonksyon ki sou bilten vòt ou a.

Pou w kapab wè lis kandida ki pi ajou a pou pati w la nan distri ou a, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).

## Fonksyon minisipal yo

### Konsèy Minisipal

Konsèy Minisipal la se branch lejislatif, oswa ki fè lalwa, nan gouvènman Vil Nouyòk la. Gen 51 manm. Manm konsèy yo jeneralman mandate pou 4 lane (2 manda youn dèyè lòt maksimòm).

- Apre resansman 2020 an, yo te reyaranje distri Konsèy Minisipal yo pou yo te ka ajiste a chanjman ki genyen nan popilasyon an. Poutèt pwoesis sa a, Manm konsèy ki eli ane sa apral gen yon manda 2 lane nan distri yo fenk delimité yo. An 2025, yo ap rekòmanse ak manda 4 lane yo.
- Prezante ak vote pwojè lwa yo.
- Negosye ak apwouve bidjè vil la.
- Siveye ajans minisipal yo.
- Pran desizyon sou kwasans ak devlopman vil nou an.
- Founi sipò pou Konstitiyan yo.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](http://findmypollsite.vote.nyc).

## Fonksyon konte yo

### Pwokirè Distri

Pwokirè distri a se pwokirè prensipal nan konte I la. Yo eli yo pou 4 lane. Pa gen limit nan manda.

- Deside ki dosye pou yo pouswiv (ak ki dosye pou yo pa pouswiv).
- Sipèvize tout pouswit penal yo.
- Ankete ak pouswiv konpòtman kriminèl.

## Jij yo

### Tribunal Civil – Konte ak Distri

Jij Tribunal Civil yo ka reprezante Konte oswa Distri, kidonk ou ka wè plis pase yon jij tribal civil sou bilten vòt ou a. Jij yo eli pou 10 lane epi yo tandé afè tankou:

- Afè civil ki plis pase \$50,000.
- Afè ant pwopriyetè ak lokatè epi pwose ki konsène kenbe estanda lojman yo.
- Pouswit penal enfraiksyon yo.

## Pozisyon nan pati yo

Se pa pòs nan gouvènman an yo ye, men se pito wòl lidèchip nan pati politik lokal yo yo ye. Tanpri sonje responsabilite espesifik chak fonksyon ki anba la a kapab chanje dapre pati politik ou ak kote ou abite a. Selon pati politik ou, gendwa gen plizyè pòs nan pati a sou Bilten Vòt ou an, ki divize an jan, pou pwomouvwa egalite ant jan yo.

### Delege nan Konvansyon Jidisyè a

Delege pou Konvansyon Jidisyè a chwazi kandida pou pati yo a pou Kou Siprèm Eta a. Se Distri Asanble w la ki detèmine kantite delege ou ka vote pou yo. Bilten Vòt ou an ap di w konbyen Delege ou ka chwazi.

- Ale nan Konvansyon Jidisyè pati yo a.
- Chwazi kandida pati yo a pou Kou Siprèm Eta a nan eleksyon jeneral yo.
- Yo chwazi Lòt Delege si Delege yo pa kapab sèvi (menm jan ak lòt delege yo nan yon jiri).

### Manm Komite Eta a

Manm Komite Eta yo reprezante Distri Asanble yo andedan pati politik Eta a. Manm komite yo eli pou de lane.

- Patisipe nan konvansyon pati eta a ak nan reyinyon anyèl yo.
- Sèvi kòm yon lyezon ant kominate yo, fonksyonè lokal ki eli yo, gouvènman vil la ak kandida politik yo.

## Manm Komite Konte a


Manm komite konte yo chwazi lidè konte yo pou pati politik yo ak kandida pati yo pou eleksyon espesyal eta a.

- Chwazi kandida pati yo pou eleksyon espesyal eta a.
- Vote lidè Konte yo pou pati politik yo.
- Apwouve bidjè pati Konte a ak lòt politik entèn yo.

## Kat Konsèy Minisipal Nouyòk la

- NYC gen 51 distri Konseùy Minisipal
- ~170,000 elektè abite nan chak distri
- Konsèy Minisipal la apwouve bidjè ~\$100 milya NYC a

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](http://findmypollsite.vote.nyc).



## Lidè Distri

Lidè distri yo ede dirije pati politik yo nan chak konte. Yo eli Lidè Distri yo pou 2 lane.

- Travay ak Konsèy Elektoral vil la pou nonmen mandatè pou biwo vòt yo.
- Nonmen kandida pou jij nan Tribunal Sivil ak Kou Siprèm.
- Vote pou lidèchip ak règ pati yo a.

## Yon Jounen nan Lavi yon Manm Konsèy Minisipal la

### Kisa manm Konsèy Minisipal la fè pou ou?

- Elabore epi vote pwojè lwa yo ki konsène kesyon tankou lojman, swen sante, edikasyon, sekirite publik ak lòt ankò. Manm konsèy la kapab patisipe nan komite tou pou travay sou kesyon konsènan vyeyisman rive nan sèvis pou jèn yo.
- Travay ak Majistra vil la pou kreye epi apwouve bidjè ~\$100 milya dola vil la. Chak manm konsèy la ap jere yon bidjè ~\$5 milyon dola tou pou konstwi lekòl epi pou fè amelyorasyon nan distri yo, ansanm ak yon bidjè adisyonèl ~\$500,000 pou sipòte òganizasyon ki pa la pou fè pwofiti yo.
- Siveye ajans minisipal ki ap bay Nouyòkè yo sèvis yo, tankou Depatman Polis Vil Nouyòk la ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk la.
- Detèmine jan pou yo itilize batiman ak teren yo toupatou nan vil la, epi siveye zonaj pou pwopriyetè yo pandan l ap prezève repè yo epi jere tè ak enstalasyon publik yo.
- Ede Konstitiyan tankou w. Manm konsèy la ak fonksyon yo genyen yo kapab ede w ak kesyon tankou preparasyon taks, lojman abòdab, plante pyebwa, twotwa ki sal, twou nan lari, sekirite pyeton ak lòt ankò. Kontakte manm konsèy ou a si ou bezwen èd!

# Distri Konsèy Minisipal 19

## Demokrat

- Tony Avella 
- Christopher Bae 
- Paul D Graziano 



Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 45](#).

Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).



## Tony Avella

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Diminye kriminalite, tankou krim ki baze sou rayisman
2. Sove kay pou youn oswa 2 fanmi yo
3. Re-asfalte imedyatman wout College Point yo

*"Eksperyans anvan mwen yo nan gouvènman Vil/Eta, aktivite kominotè yo, ak konesans nan Northeast Queens pral pèmèt mwen kòmanse "Premye Jou" a pou retabli kalite lavi nou ki ap deteryore, ede ti antrepriz yo, epi sa ki pi enpòtan sipòte lapolis epi redwi kriminalite. Mwen pral goumen pou kenbe SHSAT, elaji pwogram pou moun ki gen don ak talan, finanse pwogram apre lekòl yo, elaji pwogram pou granmoun aje epi etabli nouvo sant pou granmoun aje. Pati Demokrat Queens la, Senatè Eta a Toby Stavisky, ak Manm Asanble Ed Braunstein ak David Weprin sipòte mwen."*

**Pwofesyon pou kounye a:** Retrete

**Pwofesyon anvan yo:** Senatè Eta a (2010-2018)

**Edikasyon:** Lisans nan Syans Politik nan Hunter College

**Afilyasyon Òganizasyonèl:** Manm; Chevalye Colomb; Chevalye Pythias; Mason

**Eksperyans publik pase:** Manm Konsèy Minisipal la, Prezidan Zonaj (2001-2009), Asistan Majistra Koch ak Dinkins

**Enskri nan Pati:** Demokrat



## Christopher Bae ✅

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Prevasyon kriminalite
2. Sekirite piblik
3. Amelyore lekòl nou yo

*"Kòm yon natif natal Queens, mwen te gen privilèj travay antanke pwokirè nan Queens kote mwen te pouswiv yon seri zak kriminèl vyolan epi goumen pou dwa viktim yo. Antanke moun ki grandi kòm premye jenerasyon Ameriken Koreyen epi mwen se pitit yon edikatè ak manm sendika, mwen konnen jan li enpòtan pou fanmi k ap travay yo byen reprezante. Mwen nan kous la pou mwen bay yon Queens ki pi an sekirite epi pi fò pou tout moun."*

**Pwofesyon pou kounye a:** Kandida aplentan

**Pwofesyon anvan yo:** Asistan Pwokirè Distri, Queens DA

**Edikasyon:** SUNY Binghamton, CUNY Law School

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Manm Konsèy Administrasyon Asian American Bar Association of New York; Manm Konsèy Administrasyon Korean American Lawyers Association of Greater New York; Manm National Asian Pacific Islander Prosecutors Association

**Eksperyans piblik pase:** Ajan lyezon komunitè pou Fonksyon Afè Imigran Queens DA

**Enskri nan Pati:** Demokrat



## Paul D Graziano ✅

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Pwoteje Zonifikasyon ki a fèb dansite nou an
2. Kriminalite/Sekirite piblik
3. Defi ak Opòtinite nan Zafè Edikasyon

*"Tout bagay yo kòmanse lakay nou. Si katye nou yo depafini rès bagay yo pa enpòtan.'*

*An 2022, Gouvènè Kathy Hochul te eseye detwi katye inifamilyal nou yo nan tout Eta a epi bay amnistyi jeneral pou tout konvèsyon ilegal nan NYC - epi li ap eseye fè sa ankò.*

*Antanke yon lidè nan konba sa a, mwen te kanpe li nan epòk la - epi m ap fè l sispann jodia.*

*Depi 30 an, map pwoteje katye nou yo nan NE Queens. Map toujou goumen pou prezèvè kalite lavi nou ak valè byen nou yo."*

**Pwofesyon pou kounye a:** Konsiltan nan Amenajman Iben/Itilizasyon tè yo/Konsiltan nan Konsèvasyonn moniman istorik

**Pwofesyon anvan yo:** Menm

**Edikasyon:** Metriz nan Zafè Iben, Hunter College/Lisans nan Literati Konpare, UMASS/Bx HS of Science

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Plizyè Asosyasyon Sivik/Pwopriyetè Kay nan Northeast Queens

**Eksperyans piblik pase:** Konsiltan plizyè douzèn òganizasyon/plizyè fonksyonè ki eli

**Enskri nan Pati:** Demokrat

# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](http://haitiancreole.nycvotes.org/compare).

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsight.vote.nyc](http://findmypollsight.vote.nyc).

## Tony Avella ✅

Demokrat

## Christopher Bae ✅

Demokrat

### Kriminalite

M ap sipòte polis la epi mwen ap vote kont tout tantativ pou redui NYPD a. M ap sipòte epi m ap finanse kreyasyon yon nouvo biwo polis nan Northeast Queens epi double penalite pou zak kriminèl rayisman pou abòde ogmantasyon atak anti-Azyatik, antisemit ak anti-LGBTQ+.

Kòm yon pwokirè nan Queens, mwen te goumen pou viktim zak kriminèl yo chak jou pandan sèt (7) ane ki sot pase yo. Eta de dwa esansyèl pou manm kominote nou yo gen konfyans nan sistèm jistis penal nou an epi pou anpeche move aktè yo komèt zak kriminèl.

### Enflasyon

Pou ede rezidan yo fè fas ak enflasyon, mwen ap sipòte yon rediksyon nan taks sou gazolin, taks sou pwopriyete pwopriyetè kay/kondo/kolaborasyon, ak taks sou ti antrepriz, ak ekonomi yo pase bay konsomatè a. Mwen ap sipòte tou kreyasyon pwogram asistans pou redwi gwo pri medikaman sou preskripsyon yo.

Fanmi klas ouvriye yo se kolòn vètebral kominote nou an epi enflasyon k ap monte te rann li difisil pou fanmi yo fonksyone. Lidè nou yo ta dwe travay ansanm pou konbat enflasyon pou asire ke pitit nou yo pa grangou oswa pou aksè a lojman pa inaksesib.

### Pwoteksyon Demokrasi

Pwoteksyon sistèm elektoral/fonksyonè elektoral yo kont entèferans politik se kle pou prezève demokrasi nou an. Pwoteje dwa vòt/fasilite vòt la enpòtan tou. Mwen kwè tou nan entèdiksyon kanpay nan jou elekson yo nan biwo vòt yo pou sispann entimidasyon elektè yo.

Te gen yon mank entegrite nan pwoesis politik la. Lè kandida ki pa kalifye yo sèvi ak manti pou antre nan fonksyon publik la, epi lè fonsyonèl ki eli nou yo sipòte kandida sa yo, kominote nou yo pèdi konfyans nan pwoesis politik la. Mwen se nouvo vwa sansib pou retabli demokrasi.

## Paul D Graziano ✅

Demokrat

Kriminalite/sekirite publik se youn nan 3 prensipal pwoblèm nan 19yèm sikonskripsyon an. Vil nou an gen mwens sekirite pase jan li te ye anvan Pandemi an epi zak kriminèl yo te komèt yo vin pi efreyan, sible epi ak plis rayisman. Nou bezwen plis polis epi mwen dakò pou ta divize 109yèm sikonskripsyon an fè de nouvo katye.

Nan ane ki sot pase a, enflasyon an te atenn nivo ki te pi wo li a depi 40 ane, sa ki te bay fanmi ki gen ba revni yo pwoblèm. Nan NYC, sa te vle di yon bès nan pouvwa dacha salè minimòm \$15/èdtan aktyèl la (menm nan depi 2019). Solisyon mwen an pou ede moun ki nan bezwen yo se konekte ogmantasyon salè minimòm nan ak enflasyon an.

Madam mwen Elzbieta te grandi anba kominis nan Polòy epi li te dekri m kijan lavi te ye nan yon rejim totalité. Pandan ke demokrasi nou an rezilyan, dènyèman nou te wè ke li frajil. Nou dwe \*toujou\* asire transfè pouvwa nan lapè ki kontinye.

# pratike vòt avèk klasman chwa

Eseye klase chwa w yo sou bilten vòt pou fè pratik anliy nou an! N ap fè w konnen si Bilten Vòt ou an byen ranpli oswa kijan pou w korije l si w fè yon erè.



Eskane la oswa vizite [haitiancreole.nycvotes.org/practice-ballot](http://haitiancreole.nycvotes.org/practice-ballot)

# Distri 20 Konsèy Minisipal la

## Republiken

- Jin Liang Dany Chen ✓
- Yu-Ching James Pai ✓



Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan paj 45.

Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).



## Jin Liang Dany Chen ✓

Republiken

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite kominotè
2. Ogmante prezans lapolis ak finansman an
3. Redui konjesyon trafik la

*"Mwen te yon konbatan ak yon avoka pou kominote nou an. Kit se batay pou prezève SHSAT oswa travay pou modifie yon chèltè ki te mal planifye nan College Point la, mwen te toujou la pou defann sitwayen yo, valè kominote nou yo ak kalite lavi nou an. Mwen ap kontinye goumen pou moun nan kominote sa a antanke reprezantan w nan konsèy minisipal la."*

**Pwofesyon pou kounye a:** Direktè Maketin Azyatik – Prohealth Solutions

**Pwofesyon anvan yo:** non aplikab

**Edikasyon:** non aplikab

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Fondatè Chinese American Alliance of USA a Fondatè College Point Residents Coalition an

**Eksperyans publik pase:** Fasilite pou mete sou pye yon Chèltè konvèsyon pou moun ki chanje sèks nan College Point, NY

**Enskri nan Pati:** Republiken



## Yu-Ching James Pai

Republiken

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite piblik
2. Sipòte Ti antrepriz yo
3. Edikasyon

"Ann ede ak sipòte ti antrepriz yo epi amelyore kalite lavi pou moun ak fanmi k ap travay di k ap viv ak travay isit la. Sekirite piblik se yon gwo enkyetid. Timoun nou yo merite bonjan kalite edikasyon ak opòtinite pou yo montre tout potansyèl yo atravè lekòl segondè espesyalize ak pwogram pou timoun ki gen don ak talan yo. Nou bezwen chanjman, e chanjman ap vini, ban mwen opòtinite sa a, sipòte kanpay mwen an, epi vote pou mwen. 'Chanjman ap vini sou chemen ou.'"

**Pwofesyon pou kounye a:** Kontab Piblik Sètifye  
Endepandan

**Pwofesyon anvan yo:** Kontab nan konpayi CPA

**Edikasyon:** State University of New York - Albany  
(Lisans nan Kontabilite) - 1996

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Flushing Central Lions Club,  
Taiwanese Chamber of Commerce of New York Inc,  
Chinese American Society of CPAs

**Eksperyans piblik pase:** Okenn

**Enskri nan Pati:** Republiken

# suiv NYC Votes

Ou kapab suiv NYC Votes pou  
w jwenn tout dènye mizajou sou  
eleksyon yo!

@nycvotes



# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](http://haitiancreole.nycvotes.org/compare).

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](http://findmypollsite.vote.nyc).

## Jin Liang Dany Chen ⓘ

Republikan

## Yu-Ching James Pai ⓘ

Republikan

### Kriminalite

Redui kriminalite nan ogmante finansman an, nan ogmante kantite polisyè ki nan lari yo epi nan kreye yon komisarya satelit pou redui tan repons lan.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

### Enflasyon

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

### Pwoteksyon Demokrasi

Pwoteje demokrasi a nan amelyore kouvèti demografik elektè yo nan objektif pou fè tandé vwa pèp la.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

# gade videyo kandida yo

Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kandida yo! Antre adrès ou pou w ka jwenn kandida yo ki sou Bilten Vòt ou a, epi apresa gade pwofil yo pou w ka wè videyo kandida yo.



Eskane la oswa vizite  
[haitiancreole.nycvotes.org/  
candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates)

# Distri 21 Konsèy Minisipal la

## Demokrat

- Hiram Monserrate\* ✓
- Francisco P Moya ✓



Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan paj 45.

Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).

\* Kandida pa t soumèt yon pwofil konplè alè pou l te enkli nan Gid Elektè sa a ki enprime a.



## Francisco P Moya ✓

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Lojman abòdab
2. Finansman lekòl
3. Pwoteje travayè yo

"Mwen te onore pou m reprezante East Elmhurst, LeFrak City ak Corona nan Konsèy minisipal la depi 2018. Mwen te goumen pou Nouyòkè k ap travay yo, m te defann imigran yo, m te defann granmoun yo, epi m te bay plizyè milya nan lekòl leta yo. Mwen fyè paske m ap ofri plizyè milye inite lojman abòdab, nouvo lekòl, yon sant pou granmoun, ak travay ki byen peye nan kominate nou an. M ap envesti nan resous pou gen plis sekrite nan lari a. Nou bezwen lidè ki ekperimente epi ki devwe pou fè tandé vwa nou."

**Pwofesyon pou kounye a:** Manm konsèy NYC, Distri 21

**Pwofesyon anvan yo:** Manm Asanble Eta NY; Relasyon ak gouvènman an

**Edikasyon:** Lisans, St.John's University, National Urban Fellow, Metriz nan Administrasyon Piblik, Baruch College

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Corona Lions Club; St. Leo's Golden Age Club

**Eksperyans piblik pase:** Manm Asanble Eta New York la; Lidè Demokratik Distri a

**Enskri nan Pati:** Demokrat

# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](http://haitiancreole.nycvotes.org/compare).

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](http://findmypollsite.vote.nyc).

## Hiram Monserrate\* ⓘ

Demokrat

## Francisco P Moya ⓘ

Demokrat

### Kriminalite

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Sekirite kominote nou an se yon priyore prensipal. Nou dwe envesti nan pwogram pou anpeche jèn yo rantre nan gang, trete epidemi adiksyon ak sante mantal, epi bati konfyans ant lapolis ak kominote nou an pandan n ap oblige yo pou yo rann nou kont tou.

### Enflasyon

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Nou tout wè reyalite enflasyon nan makèt la. Pri yo monte, men salè yo rete menm jan. Nou bezwen pwoteje konsomatè yo kont ogmantasyon pri yo- se poutèt sa mwen te atake aplikasyon pou livrezon yo e mwen te limite frè yo te kapab mande yo pou yo pa volè Nouyòkè mwayen yo.

### Pwoteksyon Demokrasi

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Nou bezwen ogmante aksè ak patisipasyon nan gouvènman an. Youn nan fason yo se ogmante aksè pou vote. Mwen te fyè pou m patwone lwa sou vòt minisipal ki pèmèt moun ki pa sitwayen yo vote nan eleksyon Vil Nouyòk yo.

# Distri 22 Konsèy Minisipal la

## Demokrat

- Tiffany L Caban ✓
- Charles Castro\* ✓



Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan paj 45.

Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).

\* Kandida pa t soumèt yon pwofil konplè alè pou l te enkli nan Gid Elektè sa a ki enprime a.



## Tiffany L Caban ✓

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Estrateji sekirite publik ki fonde sou prèv
2. Lari pou pyeton/siklis
3. Lojman abòdab pou tout tan

"Nan ane li te defansè publik yo, Tiffany te batay pou Nouyòkè yo pou kont li. Kounya l ap sèvi tout rezidan distri 22 yo. Pandan premye manda li a, li te pèmèt plis fatra ranmase, amelyorasyon nan sekirite lari yo ak nan metwo distri a, li te apwoouve plis pase 300 lojman abòdab ak yon novo pak, epi adopte sèt lejislasyon ki fè enpak. Li te ko-prezide regroupman LGBTQIA+ 1) Reyinyon pati politik (Reyinyon yon gwoup moun ki nan menm pati politik, jeneralman pou chwazi kandida oswa deside sou yon politik) 2) Gwoup politik (Yon gwoup moun ki met ansam pou fè pwomosyon yon ideyoloji)."

**Pwofesyon pou kounye a:** Manm konsèy NYC

**Pwofesyon anvan yo:** Estratèj prensipal, Pati Working Families; Defansè Publik, Legal Aid Society & NY Co. Defender Services

**Edikasyon:** NY Law School, JD. Penn State, Lisans (BA). St. Francis Prep, JHS210, PS62

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Pati Working Families, Local Progress, Democratic Socialists of America, Mijente, LGBT, NYC & Puerto Rican Bar Assns.

**Eksperyans publik pase:** Manm konsèy NYC

**Enskri nan Pati:** Demokrat

# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](http://haitiancreole.nycvotes.org/compare).

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](http://findmypollsite.vote.nyc).

## Tiffany L Caban ⓘ

Demokrat

## Charles Castro\* ⓘ

Demokrat

### Kriminalite

Nou dwe envesti nan sa nou konnen ki efikas pou redui vyolans lan: lojman ki abòdab, bon travay, bonjan sèvis sante mantal ansanm ak pwogram prevansyon kont vyolans ki fè prèv yo deja. Li lè li tan pou nou retire kò nou nan estrateji polisyè ak penitansye ki echwe yo ki pa fè lòt baygay ke ranfòse tromatis ak kriminalite a.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

### Enflasyon

Mwen te denonse ak tout fòs mwen ogmantasyon tarif ConEd yo ak kont ogmantasyon Konsèy oryantasyon pou lwaye yo. Travayè Nouyòkè yo ap bat dlo pou fè bè. Fòse yo peye plis ap jis fè yo peye plis epi sa ap fè New York vin plis toujou yon tèren pou sèl sila yo ki pi rich yo ka jwe.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

### Pwoteksyon Demokrasi

Biwo mwen an ap jere yon pwosesis Bidjè patisipatif ki solid jisteman paske nou kwè ke demokrasi se kle yon vil kote moun ka viv. Mwen pa kwè nan demokrasi sèlman nan Jou Eleksyon an, men chak jou epi tout kote, soti nan chantye rive nan lekòl.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

# Distri 23 Konsèy Minisipal la

## Demokrat

- Steve Behar ✓
- Susan Lee ✓
- Rubaiya Rahman ✓



Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan paj 45.

Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).



## Steve Behar ✓

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite piblik
2. Edikasyon
3. Kalite lavi

"Fanmi mwen te demenaje nan kominote a lè m te gen 6 an. Mwen diplome nan PS 46, MS 74 epi Cardozo High School.

Sa fè plizyè ane depi m se yon lidè kominotè epi m pase 6 ane kòm Konseye jiridik Manm Konsèy Grodenchik."

**Pwofesyon pou kounye a:** Avoka

**Pwofesyon anvan yo:** Avoka nan Finans Antrepriz Entènasyonal; Konseye jiridik nan konsèy NYC la; Konseye jiridik nan Sena NYS; Pwopriyetè ti antrepriz; pwofesè Inivèsite

**Edikasyon:** Georgetown University Law School, LL.M (Metris nan dwa), Règleman Sekirite ak Finans; Tulane University, Doktora an Dwa; Tulane University, Metris nan Administrasyon Biznis, Finans ak Administrasyon Jeneral; University at Albany, Lisans (BA), Ekonomi ak Syans Politik

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Manm Asosyasyon Bawo NYS, Manm Asosyasyon Bawo Montana

**Eksperyans publik pase:** Avoka, komisyón Amerikèn sou Echanj Valè Imobiliye; Konseye jiridik nan Sena NYS; Konseye jiridik nan Konsèy NYC

**Enskri nan Pati:** Demokrat



## Linda Lee

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Pi byen sekirize kominote nou an.
2. Ogmante aksè nan edikasyon bon kalite.
3. Amelyore kalite lavi nou.

*"Mwen fyè pou m reprezante Eastern Queens divès fanmi klas ouvriyè a abite ladann, pwopriyetè ti biznis, jèn pwofesyonèl, epi anpil moun aje. Men nou gen pwoblèm ki mande yon lidèchip reyèl ak reseptif. Taks sou pwopriyete ap ogmante, ti biznis yo gen difikilte, epi enfrastrikti nou an bezwen modènize kòm nou te wè sa apre ouragan Ida. Nou dwe asire nou vwa komonote a pase avan tout pwoblèm n ap abòde nan nivo lokal."*

*Depi lè m te antre an fonksyon ane pase a, m te toujou eseye fè adopte lejislasyon ak jwenn finansman k ap gen yon enpak dirèk epi pozitif sou kominote a pandan n ap mete plis sekirite epi amelyore kalite lavi nou."*

**Pwofesyon pou kounye a:** Manm Konsèy

**Pwofesyon anvan yo:** PDG @KCS

**Edikasyon:** Lisans Barnard; Mastè nan Travay Sosyal nan Columbia

**Afilyasyon òganizasyonèl:** PS203, NVCC

**Eksperyans publik pase:** CB11, Fmr Comm'er @NYCCEC

**Enskri nan Pati:** Demokrat



## Rubaiya Rahman

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Amelyore sèvis ak dwa moun ki andikape yo
2. Sante mantal jèn yo nan kominote a
3. Swen pou granmoun ki aje ak retrete

*"Mwen se Rubaiya Rahman epi mwen se kandida pou Konsèy minisipal Distri 23. Mwen fyè pou m di ke mwen konsantre sou yonsèl pwoblèm - kominote mwen an. Twò souvan, yo kouvri vwa moun òdinè yo akoz lòt enterè ki pi pwisan. Lè nou bay priyorite ak bezwen manm ki gen plis pwoblèm nan kominote nou an, nou mete yon bousòl moral pou valè ak priyorite nou yo. Lè nou mete bezwen yo an premye, nou ka asire nou ke dola bidjè nou yo depanse kote yo gen plis enpòtans. Se poutèt sa mwen prale nan eleksyon - pou goumen pou timoun nou yo epi mete kominote nou an devan nan priz desizyon yo."*

**Pwofesyon pou kounye a:** Direktè Egzekitif ASHO aktyèl lan

**Pwofesyon anvan yo:** Asistan jiridik

**Edikasyon:** Metriz NYU School of Law

**Afilyasyon òganizasyonèl:** ASHO

**Eksperyans publik pase:** Responsab teren

**Enskri nan Pati:** Demokrat

# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](https://haitiancreole.nycvotes.org/compare).

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](https://findmypollsite.vote.nyc).

## Steve Behar ☒

Demokrat

## Linda Lee ☒

Demokrat

### Kriminalite

Pa gen anyen pi enpòtan pase sekirite publik. Mwen vle gen plis polisyè nan lari nou yo. Mwen kwè nan lapolis komunitè. Mwen te jwe yon wòl enpòtan nan kreyasyon nouvo 116 yèm sikonskripsyon an ki pral soulaje 105yèm sikonskrispsyon an epi mete plis polisyè nan lari Eastern Queens.

Mwen se yon gwo sipòtè finansman pou aplikasyon lwa nou yo nan transparans ak responsabilite. Nou dwe redui kriminalite, premyèman pandan n ap retire zam nan lari yo, abòde pwoblèm kriz sante mantal la, epi konbat lahèn ak krim ki baze sou preje.

### Enflasyon

Enflasyon detui revni ak ekonomi fanmi k ap travay yo. Enflasyon ki gen kounya se redemaraj ekonomi pòs-pandemik la ak envazyon Ikrèn pa Larisi. Rezèv federal la ap travay pou redui enflasyon ak chèn apwovizyonnan an epi pwoblèm òf ak demann yo ap bese.

Menm lè batay kont enflasyon an se prensipalman travay gouvenman federal la, nou dwe fè tout sa nou kapab pou ede fanmi ki gen revni fèb oswa mwayen yo k ap afwonté monte pri gas ak danre yo. Fòk nou rann antrepriz ak sèvis publik yo responsab pri ki monte nan fason abizif.

### Pwoteksyon Demokrasi

Manifestasyon 6 janve nan Kapitòl la te montre nou kòman demokrasi a frajil. Etazini te pi gwo sant demokrasi monn nan, men aksyon 6 janve yo te sal repitasyon nou. Fonksyoè ki eli yo dwe fè tout sa k posib pou pwoteje enstitisyon ekonomik nou yo.

6 Janve te montre nou kòman demokrasi a frajil. Nou dwe elaji aksè pou vote, rann li pi fasil pou moun vote jan yo vle - bonè, atravè imel, oswa nan jou eleksyon avèk anrejistremant menm jou a.

## Rubaiya Rahman ✅

Demokrat

Asire sekirite publik nan NYC enpòtan anpil. Yo bezwen rekonsidere lwa aktyèl sou refòm libète sou kosyon an paske li pa te efikas pou diminye kriminalite. Si yo pa abòde pwoblèm sa li ka gen enpak negatif sou ekonomi an. Li enperatif pou nou bay Priyrite ak mezi sekirite publik efikas.

Enflasyon ap andomaje kay ki pa gen gwo revni, sa ki fè li difisil pou yo peye atik tankou manje. Mwen pral travay pou kwape enflasyon nan defann lojman abòdab, bonjan kalite swen sante, ak edikasyon. Sa pral bati yon kominote fleksib ak ekitab pou tout moun ka epanouyi.

Danje otoritaris la pa limite sèlman ak politisen endividéyèl yo, men soti nan echèk pati politik yo pou defann prensip demokratik yo ak alimante polarizasyon. Mwen pral travay pou pwoteje demokrasi nou an epi pwoteje dwa ak libète tout Nouyòkè yo.

# resevwa alèt sou eleksyon yo

Enskri pou w resevwa alèt pou eleksyon yo pa mesaj tèks oswa pa imèl! Rete enfòme konsènan dat limit enpòtan yo ak kilè pou w vote.



Eskane la oswa vizite  
[nycvotes.org/  
stay-informed](http://nycvotes.org/stay-informed)

# pratike vòt avèk klasman chwa

Eseye klase chwa w yo sou bilten  
vòt pou fè pratik anliy nou an!  
N ap fè w konnen si Bilten Vòt ou  
an byen ranpli oswa kijan pou w  
korije l si w fè yon erè.



Eskane la oswa vizite  
[haitiancreole.nycvotes.org/  
practice-ballot](https://haitiancreole.nycvotes.org/practice-ballot)

# **Pa gen Eleksyon Primè nan Distri 24 Konsèy Minisipal la**

**Yo òganize Eleksyon Primè yo sèlman lè gen plis pase yon  
moun ki kandida pou eseye jwenn nominasyon Pati yo a.  
Men, ap gen yon Eleksyon Jeneral pou distri Konsèy  
Minisipal sa a nan mwa novanm.**

## **gade videyo kandida yo**



Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon  
sou kandida yo! Antre adrès ou pou w ka jwenn kandida yo  
ki sou Bilten Vòt ou a, epi apresa gade pwofil yo pou w ka wè  
videyo kandida yo.

Eskane la oswa vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates)

# Distri 25 Konsèy Minisipal la

## Demokrat

- Fatima Baryab\*
- Shekar Krishnan 
- Ricardo J Pacheco 



Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 45](#).

Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).

\* Kandida pa t soumèt yon pwofil konplè alè pou l te enkli nan Gid Elektè sa a ki enprime a.



## Shekar Krishnan

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Bonjan swen sante pou tout moun
2. Agrandi, amelyore pak yo/espas publik yo
3. Envesti nan edikasyon timoun preskolè

"Antanke Manm Konsèy Minisipal ak premye Endyen-Ameriken ki eli nan gouvènman NYC la, mwen prezante pou m ka re-eli pou m ka kontinye goumen pou jwenn resous kominote nou an merite epi pou yon vil ki fonksyone pou tout moun.

Mwen fyè de sa nou reyalize, soti nan envèstisman ki sove lavi nan Lopital Elmhurst, novo pwogram pou sipòte fanmi imigran yo, rive nan premye pakou publik pou chyen nan kominote nou an, oswa pi gwo bidjè pou pak nan istwa vil la.

Ansanm, nou ka bati yon vil kote tout moun ka gen aksè ak swen sante, pak ak espas ouvè, epi kote tout fanmi k ap travay yo gen aksè ak sèvis gratis nan etablisman preskolè.

Se pou fiti sa mwen pral kontinye goumen."

**Pwofesyon pou kounye a:** Manm Konsèy minisipal NYC

**Pwofesyon anvan yo:** Avoka Dwa Sivil

**Edikasyon:** Cooper Union (Engineering), University of Michigan Law School

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Non aplikab

**Eksperyans publik pase:** Manm Konsèy la

**Enskri nan Pati:** Demokrat



## Ricardo J Pacheco

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite piblik
2. Edikasyon
3. Vrè Espas Vèt

*"Non mwen se Ricardo Pacheco, epi mwen ap kandida pou pòs Konsèy minisipal la ki reprezante Jackson Heights & Elmhurst.*

*Mwen se yon imigran; yon pwodwi sistèm eskolè piblik NYC; m fyè paske m se yon Veteran marin amerikèn; Sèjan NYPD ki pran retrèt; Prezidan aktyèl SELFHELP/NORC Seniors Advisory Board; Prezidan Jackson Heights Coops Alliance; ansyen Prezidan PTA nan IS145; Prezidan Komisyon Konsèy kowoperativ mwenn an pandan 7 lane; mwen fyè paske m se papa yonsèl pítit ak granpapa twa (3) pítit; mwen fyè paske m se yon Latino masisi ak ansyen visprezidan pou Gay Officers Action League.*

*Mwen se yon manm devwe ki gen imilite nan kominote nou an tou senpleman ki ap chèche chanjman. M ap mande VÒT ou ak respè."*

**Pwofesyon pou kounye a:** Sèjan NYPD ki pran retrèt

**Pwofesyon anvan yo:** Sèjan NYPD

**Edikasyon:** John Jay College

**Afilyasyon òganizasyonèl:** NORC, Alliance, GOAL

**Eksperyans piblik pase:** Marin Amerikèn, NYPD

**Enskri nan Pati:** Demokrat

# konpare kandida yo



Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka wè pozisyon kandida yo konsènan pwoblèm ki pi enpòtan pou ou yo, epi konpare opinyon yo.

Eskane la oswa vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](http://haitiancreole.nycvotes.org/compare)

# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](http://haitiancreole.nycvotes.org/compare).

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](http://findmypollsite.vote.nyc).

## Fatima Baryab\*

Demokrat

## Shekar Krishnan

Demokrat

### Kriminalite

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Tout moun merite pou yo santi yo an sekirite – pandan y ap mache lakay yo, nan tren sòbway an, oswa kote y ap priye. Sekirite se responsabilite ki pi enpòtan pou administrasyon nou an. Nou bezwen solisyon konplè, soti nan sante mantal ak lojman pou ale nan sant kominotè yo. Nou kenbe kominote yo an sekirite lè nou envesti nan yo byen bonè.

### Enflasyon

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Lè chak Nouyòkè, fanmi yo, ak katye yo gen resous pou pwogrese, ekonomi nou an ap fè sa tou. Fason ki pi efikas pou fè fas ak enflasyon se bati yon vil kote tout moun touche yon salè ki gen nen epi ki gen bonjan kalite swen sante, yon lojman abòdab, ak gadri pou timoun.

### Pwoteksyon Demokrasi

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Vote se yon dwa fondamantal. Nou pwoteje demokrasi nou an lè nou asire tout moun ka egzèse dwa sa a san diskriminasyon. Nou dwe fè vote vin pi fasil ak pi aksesib. Kòm yon Manm Konsèy, mwen te goumen anpil pou pwoteje dwa vòt epi mwen pral kontinye fè sa.

## Ricardo J Pacheco

Demokrat

Mwen ap sipòte yon apwòch ekilibre nan lapolis la ak ase resous pou kenbe publik la an sekirite ansanm ak sèvis sante mantal elaj pou moun ki bezwen sèvis sa yo.

Fanmi ak revni fiks ki ba yo depanse pi gwo pòson nan revni yo nan bagay esansyèl tankou lojman, elektrisite, transpò ak manje.

Bay soulajman sou taks pou ti biznis ak ti pwopriyetè. Kreyasyon travay. Transpò abòdab

M ap sipòte yon sistèm finansman kanpay solid epi asire m ap dwa vòt tout moun yo pwoteje. Ankouraje patisipasyon elektè yo.

# resevwa alèt sou eleksyon yo

Enskri pou w resevwa alèt pou eleksyon yo pa mesaj tèks oswa pa imèl! Rete enfòme konsènan dat limit enpòtan yo ak kilè pou w vote.



Eskane la oswa vizite  
[nycvotes.org/  
stay-informed](http://nycvotes.org/stay-informed)

# Distri 26 Konsèy Minisipal la

## Demokrat

- Hailie Kim 
- Julie Won 



Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan paj 45.

Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).



## Hailie Kim

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Retabli rediksyon bidjetè nan Edikasyon an
2. Lojman abòdab ak Pwoteksyon lokatè
3. Jistis rasyal ak ekonomik

*"Hailie te fèt Sewoul, Kore Disid epi li te grandi nan Sunnyside, Queens. Yon edikatris ak yon militant, Hailie te goumen pou fanmi Nouyòkè yo pandan tout karyè li. Li se yon ptit fi yon estetisyèn ak yon jeran ki fyè de li. Hailie konnen ak ki difikilte travayè nouyòkè yo ap fè fas epi l konprann wòl ras ak estati ekonomi jwe nan rann difikilte sa yo pi grav. Hailie ap avoka fanmi ou an nan Meri a epi li ap travay pou l envèse rediksyon bidjetè nan lekòl nou yo ak nan kominote nou yo."*

**Pwofesyon pou kounye a:** Adjwen, SUNY Old Westbury

**Pwofesyon anvan yo:** Responsab Lojman, Minkwon Center for Community Action; Adjwen, Hunter College

**Edikasyon:** Metriz nan Atizay-Hunter College; Lisans nan Atizay-SUNY Purchase

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Democratic Socialists of America, Pati Working Families

**Eksperyans publik pase:** Non aplikab

**Enskri nan Pati:** Demokrat



## Julie Won ✅

Demokrat

"Antanke Manm Konsèy la, mwen onore pou m vin vwa kominote nou an nan meri a! Nan premye ane mwen an, mwen te apwouve 1622 init lojman abòdab, garanti WiFi gratis, kab, ak sèvis sellè pou tout rezidan NYCHA nan distri a, epi mwen te jwenn plis pase \$50 milyon dola finansman pou katye nou yo -- sa gen ladan \$11 milyon dola pou lekòl lokal nou yo, ak \$15 milyon dola pou amelyore pak nou yo. Antanke manman lokal, imigran ak lokatè, mwen ap goumen pou mete fen nan kriz lojman abòdab la, epi fè gouvènman vil la sèvi moun pi byen."

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Lojman abòdab ak Planifikasyon konplè
2. Envesti nan edikasyon ak espas vèt
3. Asire sekirite piblik pou tout kominote a

**Pwofesyon pou kounye a:** Manm Konsèy la

**Pwofesyon anvan yo:** Konsiltan nan estrateji dijital

**Edikasyon:** Syracuse University

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Okenn antanke manm Konsèy aktyèl la

**Eksperyans piblik pase:** Konsèy Kominotè 2, Komite Resansman Konplè Prezidan Awondisman Queens lan an 2020: Fondatè Technology Action Group

**Enskri nan Pati:** Demokrat

# resevwa alèt sou eleksyon yo

Enskri pou w resevwa alèt pou elekson yo pa mesaj tèks oswa pa imèl! Rete enfòme konsènan dat limit enpòtan yo ak kilè pou w vote.



Eskane la oswa vizite  
[nycvotes.org/  
stay-informed](http://nycvotes.org/stay-informed)

# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](http://haitiancreole.nycvotes.org/compare).

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](http://findmypollsite.vote.nyc).

## Hailie Kim ✓

Demokrat

## Julie Won ✓

Demokrat

### Kriminalite

Nou dwe panche sou koz pwofon kriminalite pandan n ap lite kont povrete, nan bay aksè nan lojman epi finanse sèvis sante mantal. Rapwochman kominate yo ansanm, pwogram pwoteksyon pou viktim yo ak amelyorasyon kalite lavi se kle sekirite kominate yo.

Yon solisyon global pou sekirite publik mande plis pase jis fè respekte lalwa. Nou dwe trete rasin kriminalite a nan ogmante finansman pou resous sante mantal, agrandi modèl jistis reparatif la, ogmante opòtinite travay, ak bati lojman abòdab.

### Enflasyon

Anpil fanmi pa kapab peye nesesite debaz tankou Manje ki bon pou sante pandan pri ap monte pandan ke salè yo rete menm jan an. Nou dwe imedyatman dirije resous nan bidjè vil la pou garanti ke enpak enflasyon yo pa kreye devastasyon ekonomik pou Nouyòkè ki deja vilnerab yo.

Antanke lokatè ak yon paran, mwen santi efè ogmantasyon pri lwave a ak pri lavi nan katye nou an ki pa sispann monte. Se poutèt sa mwen te jwenn plis pase 50 milyon dola nan finansman vil la dirèkteman pou katye nou yo, epi mwen te goumen pou yon kantite istorik lojman ki abòdab anpil.

### Pwoteksyon Demokrasi

Yo atake demokrasi nan nasyon sa a. Mwen pral travay pou pèmèt Vil Nouyòk vin yon modèl demokrasi enklizif, soti nan ekspansyon dwa vòt ak ogmantasyon pousantaj enskripsyon yo rive nan amelyorasyon aksè pou elektè yo nan biwo vòt yo.

Antanke Manm Konsèy la, se devwa m pou m defann dwa elektè m yo pou vote, epi elimine obstak sou wout pou yo ale nan vòt la. M ap sipòte totalman mezi pou pwoteje dwa elektè yo, elajî lè ak lokal Vòt Antisipe yo, senplifye vòt pa lapòs, ak plis anko.

# **Pa gen Eleksyon Primè nan Distri 27 ak 28 Konsèy Minisipal la**

**Yo òganize Eleksyon Primè yo sèlman lè gen plis pase  
yon moun ki kandida pou eseye jwenn nominasyon Pati  
yo a. Men, ap gen yon eleksyon jeneral pou distri konsèy  
minisipal sa yo nan mwa novanm.**

## **prepare biltén vòt ou a**

Ou fin chwazi kandida w yo?  
Make chwa w yo epi ale ak yo  
nan biwo vòt ou a!



Eskane la oswa vizite  
[haitiancreole.nycvotes.org/  
plan-your-ballot](http://haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot)

# Distri 29 Konsèy Minisipal la

## Demokrat

- Ethan Michael Felder ✓
- Lynn C Schulman ✓
- Sukhi Singh ✓



Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan paj 45.

Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).



## Ethan Michael Felder ✓

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Nivo finansman edikasyon ki apwopriye.
2. Sekirite piblik ak sekirite sou wout.
3. Nouvo lojman ki vrèman abòdab.

*"Antanke yon avoka ak defansè kominotè, mwen fyè de kanpay sa a ki gen ladann paran lekòl leta yo, lidè kominotè depi lontan yo, ak elèv k ap angaje vwazen yo sou chanjman nou bezwen pou nou fè fas ak defi nou rankontre yo."*

**Pwofesyon pou kounye a:** Avoka ki espesyalize nan Dwa Travay

**Pwofesyon anvan yo:** Avoka antrepriz

**Edikasyon:** Doktora nan dwa /Metriz nan Administrasyon Biznis Washington University in St. Louis Lisans Cornell University

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Asosyasyon Ansyen Elèv nan Lise Townsend Harris

**Eksperyans piblik pase:** Mamm Komisyón Kominotè 6 2016-2022 Ki Eli Chèf Distri nan Pati Demokrat la 2020-2022

**Enskri nan Pati:** Demokrat



## Lynn C Schulman

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Amelyore swen sante; ranfòse kapasite lopital yo
2. Envesti nan lekòl lokal nou yo
3. Sipòte granmoun ki aje ak retrete yo

"M ap kandida pou re-éléksyon pou kontinye rann swen sante abòdab epi aksesib pou tout Nouyòkè yo. Nan premye manda mwen an, antanke Prezidan Komite Sante a, mwen te ede fè vil la vin pi an sante lè m amelyore sante fanm yo, m te entwodwi premye Plan Rediksyon Dyabèt Vil la ak amelyore opsyon sante yo ofri pou granmoun aje yo.

Pandan n ap sòti anba pi move kriz sante piblik nan lavi nou an, kounye a plis pase tout tan, li enpòtan anpil pou nou gen yon vwa solid, endepandan, nan Konsèy minisipal la ki reprezante Forest Hills, Kew Gardens, Richmond Hill ak Rego Park."

**Pwofesyon pou kounye a:** Manm Konsèy la

**Pwofesyon anvan yo:** NYC Health and Hospitals Corporation; FDNY-EMS

**Edikasyon:** Harvard Executive Leadership Program; Doktora nan Dwa - Brooklyn Law School; Lisans - NYU

**Afilyasyon òganizasyonèl:** CB 6, CEC 28, 112th Pct. Konsèy

**Eksperyans piblik pase:** Konsèy NYC; Asanble NYS;

**Enskri nan Pati:** Demokrat



## Sukhi Singh

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Non pou koupe bidjè edikasyonèl
2. Angaje pou kreye lari ki pi an sekirite pou tout kominote lokal yo epi atake zak kriminèl rayisman ak vyolans
3. Elaji lwa estabilizasyon lwaye yo epi pwoteje alafwa lokatè a ak pwopriyetè a lè nou pwopoze yon chanjman nan lwa ki gen plizyè dekad ki pa marche kounye a.
- 4 - Asire aksè nan tout lang nan tout ajans ak depatman leta yo
- 5 - Sipòte queenslink pou ogmante aksesibilite pou transpò pou queens santral ak sidès queens lan"

"1 - Vote "non" pou nenpòt rediksyon bijgè vil pou edikasyon

2 - Angaje nan kreye lari ki pi an sekirite pou tout kominote lokal yo epi atake zak kriminèl rayisman ak vyolans

3 - Elaji lwa estabilizasyon lwaye yo epi pwoteje alafwa lokatè a ak pwopriyetè a lè nou pwopoze yon chanjman nan lwa ki gen plizyè dekad ki pa marche kounye a.

4 - Asire aksè nan tout lang nan tout ajans ak depatman leta yo

5 - Sipòte queenslink pou ogmante aksesibilite pou transpò pou queens santral ak sidès queens lan"

**Pwofesyon pou kounye a:** Konsiltan Nan Enfòmatik

**Pwofesyon anvan yo:** Konsiltan Nan Enfòmatik

**Edikasyon:** College

**Afilyasyon òganizasyonèl:** The Sikh Cultural Society Inc.

**Eksperyans piblik pase:** Kandida Lidè Distri 2022

**Enskri nan Pati:** Demokrat

# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](http://haitiancreole.nycvotes.org/compare).

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollssite.vote.nyc](http://findmypollssite.vote.nyc).

## Ethan Michael Felder ✅

Demokrat

## Lynn C Schulman ✅

Demokrat

### Kriminalite

Yon repons ki efikas pou krim dwe gen ladan mezi preventif pou atake kòz rasin vyolans k ap ogmante a, yon bon finansman ak fòmasyon ki apwopriye pou lapolis la pou li ka fè sèvis li, ak patisipasyon kominote a nan desizyon bidjè sekirite publik yo.

Premye responsabilite administrasyon an se fè moun santi yo an sekirite. Sekirite publik se yon pwoblèm konplèks ki mande anpil nivo envestisman, tankou finansman pou entèwong vyolans, ogmantasyon sèvis sante mantal, patisipasyon NYPD, ak kontribisyon patnè kominotè nou yo.

### Enflasyon

Nou bezwen atake enflasyon ki frape bidjè fanmi yo lè nou ogmante kapasite pwodiksyon ekonomi nou an. M ap defann pou gen plis envestisman nan revitalize transpò publik, konstriksyon nouvo lojman ki abòdab epi kontwole ogmantasyon pri swen sante yo.

Pandan n ap sòti anba pi move kriz sante publik nan lavi nou an, enflasyon an te ogmante dramatikman, sa ki fè fanmi k ap travay yo mal. Mwen sipòt lejislasyon NYS la pou ogmante salè minimòm lan chak ane an fonksyon to enflasyon an. Sa t ap asire estabilite finansye pou moun k ap travay nan New York.

### Pwoteksyon Demokrasi

Pou demokrasi lokal nou an an sante, fonsyonè ki eli nou yo bezwen rann yo kont de pèfòmans yo oswa de mank nan pèfòmans yo. Yo souvan detèmine kandidati yo sou baz koneksyon politik olye de yon evalyasyon sou sa ki te reyalize pou distri nou an.

Valè libète ak respè pou dwa moun yo se eleman esansyèl an demokrasi. Enstitisyon demokratik nou yo dwe pwoteje kont nenpòt abi pouvwa, nasyonalman ak lokalman.

## Sukhi Singh ✅

Demokrat

Angaje nan kreye lari ki pi an sekirite pou tout kominote yo lè n finanse diferan pwogram edikatif pou lite kont krim layèn lakoz ak vyalans an jeneral

Nou ta dwe finanse agrikiltè lokal yo, fabrikan yo ak ti antrepriz yo pou yo ka pwodui apati lakay yo olye yo enpòtè tout bagay

Nou se demokrasi ki pi ansyen nan monn nan e pou li ka rete jis epi transparan, kominisyon elektoral nou an dwe gen tout resous ki nesesè yo epi li finanse kòrèkteman

# pratike vòt avèk klasman chwa

Eseye klase chwa w yo sou bilten vòt pou fè pratik anliy nou an! N ap fè w konnen si Bilten Vòt ou an byen ranpli oswa kijan pou w korije l si w fè yon erè.



Eskane la oswa vizite [haitiancreole.nycvotes.org/practice-ballot](http://haitiancreole.nycvotes.org/practice-ballot)

# **Pa gen Eleksyon Primè nan Distri 30, 31, ak 32 Konsèy Minisipal la**

**Yo òganize Eleksyon Primè yo sèlman lè gen plis pase  
yon moun ki kandida pou eseye jwenn nominasyon  
Pati yo a. Men, ap gen yon eleksyon jeneral pou distri  
konsèy minisipal sa yo nan mwa novanm.**

**suiv  
NYC Votes**

Ou kapab suiv NYC Votes  
pou w jwenn tout dènye  
mizajou sou eleksyon yo!

@nycvotes



# Distri 34 Konsèy Minisipal la

## Demokrat

- Jennifer Gutierrez 
- Paperboy L Prince\*
- Angel Santiago\*



Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 45](#).

Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates).

\* Kandida pa t soumèt yon pwofil konplè alè pou l te enkli nan Gid Elektè sa a ki enprime a.



## Jennifer Gutierrez

Demokrat

### 3 pi gwo pwoblèm:

1. Swen Invèsèl pou Timoun
2. Ranfòse ak elaji pwoteksyon lokatè yo
3. Jistis anviwònmantal

"Jennifer Gutiérrez se yon òganizatè, aktivis, epi yon alye. Pandan plis pase yon deseni, Jennifer te ap okipe l de anje ki afekte fanmi li reprezante kounye a yo. Li te fèt ak grandi nan Queens paran l se te imigran Kolonbyen yo te ye, Jennifer te grandi nan yon apatman yon chanm epi li te ale nan lekòl leta. Li te yon avoka depi tou piti lè papa l te vin andikape epi li te nan litij ak konpayi asirans yo, epi li te konn akonpaye manman l nan misyon netwayaj yo pou entèprete ak negosye salè pou li. Pandan li te an fonksyon an, li te goumen pou lojman abòdab, pou kenbe finansman lekòl yo ak gadri yo, pou ekite ak aksè ak rezo, ak batay kont rediksyon bidjè sèvis sosyal kominate nou yo dezespereman bezwen an."

**Pwofesyon pou kounye a:** Manm Konsèy la

**Pwofesyon anvan yo:** Chèf pèsonèl

**Edikasyon:** University at Albany

**Afilyasyon òganizasyonèl:** Non aplikab

**Eksperyans piblik pase:** Non aplikab

**Enskri nan Pati:** Demokrat

# Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite [haitiancreole.nycvotes.org/compare](http://haitiancreole.nycvotes.org/compare).

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou [findmypollsite.vote.nyc](http://findmypollsite.vote.nyc).

## Jennifer Gutierrez ⓘ

Demokrat

## Paperboy L Prince\*

Demokrat

## Angel Santiago\*

Demokrat

### Kriminalite

Nou dwe konsantre pou retire zam nan men timoun nou yo, e omante finansman pou resous kominotè nou konnen k ap fonksyone: sante mantal ak sèvis toksikomani, bon lojman ak kanpe sou vyolans nan lekòl.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

### Enflasyon

Nouyòkè yo chak jou gen difikilite pou yo rale yon souf nan vil nou an; pri lwave a te monte ak pri lèt ak ze yo nan yon pi wo. Pou kounya, nou dwe konsantre nou sou envestisman enpòtan nan sèvis sosyal nan tout gouvènman an pou sipòte fanmi ki plis bezwen yo.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

### Pwoteksyon Demokrasi

Sa fè lontan mwen se yon defansè pou vil mwen an ak vòt mwen, epi m kwè chak Nouyòkè, kèleswa sitiyasyon imigrasyon yo, ta dwe kapab vote nan vil nou an. Mwen pral kontinye pouse Eta a tou pou aplike enskripsyon elektè menm jou a.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

# Konsènan NYC Votes

NYC Votes se yon inisyativ Komisyon pou Finans Kanpay Vil New York la, ajans minisipal endepandan ki ap veye pou eleksyon lokal yo ekitab, enklizif epi transparan.

Nou ankouraje patisipasyon elektè yo ak kandida yo pou Fonksyonè ki Eli nou yo ka reponn ak bezwen divès kominate nou yo, epi ak pwoblèm ki enterese elektè yo.


Nou fè sa lè nou bay Nouyòkè ki gen mwens tandans pou yo vote yo mwayen, lè nou redui obstak pou moun vin kandida pou yon fonksyon epi lè nou ofri solisyon pou amelyore sistèm eleksyon nou an. NYC Votes kolabore ak òganizasyon komunitè, volontè epi ak lòt ajans minisipal pou enskri, edike epi motive elektè yo toupatou nan vil la. Objektif nou se pèmèt tout Nouyòkè pi byen konprann pwoesis elektoral la gras ak yon dyalòg onèt sou fason eleksyon nou yo fonksyone ak poukisa yo enpòtan.

Kreye depi 1988, ajans la bay moun New York yo enfòmasyon sou kandida ki nan Bilten Vòt yo a epi kijan y ap finanse kanpay yo. Pwogram fon an kontrepaci nou an pèmèt nou asosye chak \$1 yon donatè lokal bay jiska \$8, pou finansman vil la, pou ankouraje kandida vil yo konsantre yo sou kominate yo a olye pou yo konsantre yo sou enterè patikilye yo.

## Pwogram Fon an kontrepaci (Matching Funds Program)

Kontribisyon ou bay pou kandida vil la ale pi lwen toujou lè w sipòte kandida ki patisipe nan pwogram fon an kontrepaci vil la. Don rezidan vil yo bay pou kandida k ap patisipe yo ka matche a \$8-pou-\$1. Sa vle di lè ou bay \$10, kandida a resevwa \$90.

Pwogram sa a pèmèt nou asire nou se ti don ti grenn dola Nouyòkè yo ki finanse kanpay yo, se pa enterè patikilye. Sa vle di tou kandida ki pa rich men ki gen gwo sipò kominate a kapab gen mwayen pou yo poze kandidati yo, sa ki kreye yon gouvnèman ki pi divèsifye ak pi reprezantatif. Nan eleksyon 2021 Vil New York la, plis pase 83% nan kandida lokal yo te deklare fon an kontrepaci yo te esansyèl pou yo te ka poze kandidati yo.



Kontribiye nan  
[contribute.nycvotes.org](http://contribute.nycvotes.org)

# Kesyon yo Poze Souvan yo

## Jeneral

### Kisa yon Eleksyon Primè ye?

Se eleksyon an anvan eleksyon an. Pandan eleksyon primè yo, w ap deside ki kandida ki ap kandida pati ou a pou Eleksyon Jeneral la. Ou dwe se manm yon pati politik pou w vote nan yon primè.

### Èske mwen ka vote nan eleksyon primè 27 Jen an?

Ou ka vote si w enskri Nouyòk nan yon pati k ap organize yon eleksyon. Dat limit pou enskri an se **17 Jen**.

### Kòman mwen ka verifye si mwen te enskri pou vote?

Vizite [voterlookup.elections.ny.gov](http://voterlookup.elections.ny.gov) oswa rele nan Konsèy Elektoral (Board of Elections) Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo.

### E si mwen te deplase anndan Vil Nouyòk la depi dènye fwa mwen te vote a?

Lè w demenaje, ou ta dwe chanje adrès ou nan Konsèy Elektoral (Board of Elections) la lè w soumèt yon nouvo fòm enskripsyon elektè. Konsèy Elektoral (Board of Elections) la dwe resevwa chanjman adrès ou an anvan **12Jen**. Rele nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo pou chèche konnen si yo te trete chanjman adrès ou an.

Si adrès ou poko aktyalize, ou kapab vote nan Biwo vòt kote yo make pou nouvo adrès ou lè ou mande yon Bilten vòt sou sèman nan Biwo vòt ou an.

## Vòt pa Korespondans

### Ki rezon valab ki genyen pou mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan?

Ou ka mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan si w pa nan Vil Nouyòk nan Jou Eleksyon an, si w gen yon maladi oswa yon Andikap fizik, si w se yon founisè swen primè pou moun ki malad oswa ki andikape, si w se rezidan oswa pasyan nan yon Lopital nan Administrasyon Sante Veteran yo, oswa si w nan

prizon oubyen si w ap tann jijman. Ou ka make rezon ou an sou fòmilè demann Bilten Vòt moun ki absan ou an.

### Èske mwen toujou kalifye pou vote an pèsòn si mwen mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan?

Si w mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan, ou dwe planifye pou w vote avèk li. Ou ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan ou an nan nenpòt ki biwo vòt pandan biwo vòt yo ouvè. Sepandan, si ou chwazi vote an pèsòn apre ou fin mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan, ou dwe vote ak yon Bilten Vòt sou sèman nan Biwo vòt ou an. Bilten Vòt sa a ap parèt diferan. Mande yon moun k ap travay nan biwo Vòt la èd si ou bezwen sa.

### Èske mwen dwe mete tenb si m ap poste Bilten Vòt mwen an?

Ou pa bezwen ajoute yon tenb. Sepandan, pa blyie voye tounen nan kourye lapòs Bilten Vòt ou an kou sa posib. Li dwe gen So lapòs la anvan Jou Eleksyon an pou li ka valid.

### Èske mwen ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan mwen an nan Biwo vòt mwen an?

Wi! Ou ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan ou an nan nenpòt Biwo vòt nan vil Nouyòk oswa nan biwo Konsèy Elektoral la. Bwat pou Bilten Vòt yo ap disponib nan gichè resepsyon an. Ou pa bezwen ajoute yon tenb.

### Èske mwen ka swiv Bilten Vòt mwen an aprè mwen fin retounen li?

Wi! Vizite [nycabsentee.com/tracking](http://nycabsentee.com/tracking).

### E si gen yon pwoblèm ak Bilten Vòt Moun ki Absan mwen an? Èske mwen ap gen posibilité pou m korije li?

Konsèy Elektoral la dwe enfòme w daprè lalwa si gen yon erè ki reparab sou anvlòp Bilten Vòt ou a tankou yon siyati ki pa la oswa ki pa kòrèk. Si gen yon erè nan Bilten Vòt ou an ki ka repare, y ap kontakte ou pa lapòs, imèl, telefòn (si li disponib) nan yon delè 1 jou apre yo fin dekouvri erè a. W ap gen jiska 7 jou ouvrab pou w korije erè a lè w voye tounen yon afimasyon ou siyen.

## **Èske ou gen plis kesyon?**

Vizite [haitiancreole.nycvotes.org/faqs](http://haitiancreole.nycvotes.org/faqs)! Ou ka imèl nou tou nan [nycvotes@nyccfb.info](mailto:nycvotes@nyccfb.info), oswa voye yon mesaj ban nou sou Instagram, Twitter, Facebook oswa TikTok (@nycvotes).

## **Vòt avèk Klasman Chwa yo**

### **Kijan Vòt avèk Klasman Chwa yo fonksyone?**

Ou ka klase jiska senk Kandida nan lòd preferans, olye pou w chwazi youn sèlman. Si yon Kandida jwenn plis pase 50 % Vòt yo nan premye chwa yo, li genyen. Si pa gen okenn kandida ki genyen plis pase 50% nan vòt premye chwa yo, lè sa a yo pral nan lòt tou. Nan fen chak tou, Kandida a ki gen mwens vòt la ap elimine. Si w te klase Kandida sa a premye, vòt ou a ap ale pou pwochen Kandida ki pi wo a nan Bilten Vòt ou an. Pwosesis sa a ap kontinye jiskaske gen de Kandida ki rete. Kandida ki gen plis vòt la genyen.

### **Èske mwen ka toujou vote pou yon sèl Kandida?**

Wi. Ou ka toujou vote pou Kandida premye chwa w la sèlman. Sepandan klase lòt Kandida yo, p ap yon pwoblèm pou premye chwa w la. Si yo elimine sèl grenn chwa w la, vòt ou a p ap gen okenn enfliyans sou rezulta Eleksyon an.

### **Èske mwen oblige klase 5 Kandida o total?**

Non. Ou ka klase jiska senk Kandida, men ou pa bezwen klase tout senk yo o total.

### **Èske mwen ka klase Kandida mwen pi pito a plis pase yon fwa?**

Non. Si ou klase Kandida ou pi pito a plis pase yon fwa (pa egzanp kòm 1ye, 2yèm, 3yèm, 4yèm ak 5yèm chwa w), se sèl premye klasman ou an k ap konte. Pa gen okenn avantaj estratejik nan bay menm kandida a plizyè klasman.

### **Èske mwen ka klase plizyè kandida kòm premye chwa m?**

Non. Ou ka chwazi sèlman yon kandida pou chak klasman. Si ou chwazi plis pase yon sèl kandida kòm premye chwa w, bilten vòt ou an p ap valab.

### **Si mwen klase senk kandida, èske se senk vòt ki pral konte?**

Non. Se yon sèl vòt ki pral konte. Vòt ou a konte sèlman pou kandida ki klase pi wo w la ki pa elimine a. Si kandida ki klase pi wo w la ta elimine, vòt ou pral konte pou pwochen kandida ou te klase pi wo a.

### **Kilè mwen ka atann rezulta yo nan kad Vòt avèk Klasman Chwa nan eleksyon yo?**

Li posib pou yo pa bay rezulta final eleksyon ki gen Vòt avèk Klasman Chwa yo toutotan yo pa fin konte tout Bilten Vòt Moun ki Absan yo ak Bilten Vòt militè yo, sa ki ka pran plizyè semèn apre Jou Eleksyon an.

### **Kòman pou mwen vote pou yon kandida elektè a ajoute sou Bilten vòt la ak Vòt avèk Klasman Chwa yo?**

Pou w vote pou yon kandida non li pa sou bilten vòt la, ekri non I sou liy "Ajoute kandida" a, epi ranpli oval la pou w klase vòt pou kandida ou ajoute a.

### **Èske machin pou vote a ap di m si mwen fè yon erè sou Bilten Vòt mwen an?**

Si w vote an pèsòn, machin pou vote a ap fè w konnen si w bay plizyè kandida menm klasman an lè w ap eskane l. Si ou fè yon erè, ou ka mande yon mandatè nan biwo vòt la yon nouvo Bilten Vòt. Machin vòt la p ap fè w konnen si w sote klasman yo oswa si w klase menm kandida a plizyè fwa, paske vòt premye chwa ou a ap toujou konte nan ka sa yo.

## Mete enfòmasyon ou yo ajou ansanm ak Konsèy Elektoral la

Nou jwenn non ou ak adrès ou nan lis elektè ki enskri yo Konsèy Elektoral Vil New York la konsève nan biwo li.

Si ou te resevwa Gid Elektè sa a nan kourye lapòs men se pa non ou ki sou li, oubyen si destinatè a deplase oswa si li mouri, notifye Konsèy Elektoral la pou yo ka korije dosye yo.



## Konsènan Gid Elektè a

Daprè lalwa, NYC Votes dwe voye yon Gid Elektè bay chak fwaye ki genyen yon elektè ki enskri nan vil Nouyòk pou eleksyon minisipal yo. Nou voye yon gid an Anglè ak an espanyòl pou chak Elektè ki enskri, epi an Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Indi, Koreyen, Polonè, Punjabi, Ris ak Oudou bay Elektè ki nan zòn sible yo dapre done resansman yo.

Vizite [haitiancreole.nycvotes.org/candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates)  
pou w aprann sou kandida yo ki sou bilten vòt ou an.

Gid Elektè pou Eleksyon Primè Vil New York pou 2023 a. Dwa dotè © 2023 se yon inisyativ Komision pou Finans Kanpay Vil New York la. Tout dwa rezèве. Se Bellweather Agency ki fè konsepsyón an. Pwodui Ozetazini

## Kontakte Konsèy Elektoral la

Konsèy Elektoral la òganize eleksyon nou yo epi se li ki responsab pou kenbe baz done elektè ki enskri yo, siveye silten vòt yo, konte bilten vòt yo epi rapòte rezulta eleksyon yo. Ou ka mete enskripsyon w lan antanke elektè ajou, aplike pou yon bilten vòt moun ki absan, aplike pou w yon travayè nan sondaj biwo vòt oswa kòm entèprèt lang, ak lòt ankò nan Konsèy Elektoral Vil New York la.

### Orè fonksyònman nòmal yo

9: 00 a.m. pou 5: 00 p.m., Lendi pou rive Vandredi, epi pandan wiken anvan ak nan Jou Eleksyon an. Tcheke [vote.nyc](http://vote.nyc) pou jwenn orè fonksyònman yo.

**866-VOTE-NYC**

(TTY **212-487-5496**

pou moun ki mal pou tandé yo)

Vizite [vote.nyc](http://vote.nyc) pou jwenn plis enfòmasyon.

### Adrès

### Nimewo telefòn

Biwo Jeneral	32-42 Broadway, 7th Floor New York, NY 10004	212-487-5400
Bronx	1780 Grand Concourse, 5th Floor Bronx, NY 10457	
Brooklyn	345 Adams Street, 4th Floor Brooklyn, NY 11201	
Manhattan	200 Varick Street, 10th Floor New York, NY 10014	
Queens	118-35 Queens Boulevard, 11th Floor Forest Hills, NY 11375	
Staten Island	1 Edgewater Plaza, 4th Floor Staten Island, NY 10305	